

PENGUNAAN MODEL PEMBELAJARAN *PROBLEM BASED LEARNING* (PBL) UNTUK MENINGKATKAN HASIL BELAJAR SISWA

(Penelitian Tindakan Kelas Sub.Tema Manfaat Makanan Sehat dan Bergizi pada Siswa Kelas IV Semester II SDN Sindangpanon Kecamatan Banjaran Kabupaten Bandung)

oleh

RIMA ANUGERAH LESTARI

NIM 135060241

ABSTRAK

Panaluntikan ieu tujuana kangge ningkatkeun hasil di ajar murid sareng ngagunakeun model *Problem Based Learning* dina subtema manfaat tuangeun sehat sareng bergizi di kelas IV SDN Sindangpanon Kabupaten Bandung. Panaluntikan ieu di dasaran ku hasil di ajar murid anu masih seueur di handap KKM kusabab guru mineng ngagunakeun metode caramah anu cenderung ngadamel pangajaran janten monoton. Panaluntikan ieu ngagunakeun metode Panaluntikan Panindakan Kelas sareng langsung dina 3 siklus, tiap siklus aya dina 4 tahap nyaeta ngarencanaan, ngalaksanaan, observasi sareng refleksi. Sareng ngagunakeun model *Problem Based Learning* anu ayana dina 5 fase nyaeta orientasi murid dina masalah, ngaorganisasikeun murid kangge di ajar, ngabimbing panyalidikan nyalira sareng kalompok, ngembangkeun sareng nyayogikeun hasil karya, sareng nganalisis jeung ngaevaluasi proses pamecahan masalah. Instrumen anu digunakeun dina panaluntikan ieu nyaeta lembar observasi, teknis tes mangrupa *pretest* sareng *posttest* anu dipasih sateuacan sareng saatos pangajaran jeung angket kangge terang kumaha respon murid pikeun pangajaran anu ngagunakeun model *Problem Based Learning*. Hasil panaluntikan ieu nunjukkeun ayana paningkatan hasil di ajar sareng sikap taliti murid. Nilai hasil di ajar dina siklus I nyaeta 42,86%, siklus II nyaeta 62,86%, sareng siklus III nyaeta 88,57%. Sikap taliti murid dina siklus I nyaeta 48,57%, siklus II nyaeta 62,86% sareng siklus III nyaeta 85,71%. Kasimpulan dina panaluntikan ieu nyaeta ngagunakeun model *Problem Based Learning* bisa ningkatkeun hasil di ajar murid di kelas IV SDN Sindangpanon dina subtema manfaat tuangeun sehat sareng bergizi. Sareng kukituna, panggunaan model *Problem Based Learning* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif dina model pangajaran kangge diterapkeun dina pangajaran anu sanesna.

Kata kunci: *Problem Based Learning*, hasil di ajar murid.